NORTH MIAMI
FLORIDA

2015 Rapò sou Kalite Dlo

2016 Enfòmasyon Sou Danje Inondasyon

Sa ou dwe konnen konsènan sèvis dlo ou, pwoteksyon kont inondasyon ak Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon.

Nou ankouraje ou distribye tout moun ki rete nan menm kay avèk ou rapò sa a. Ou kapab jwenn kopi anplis nan North Miami Utility Billing Office, 776 NE 125 Street, Resepsyon nan 1ye etaj.

An Kreyòl
Si ou vle resevwa enfòmasyon sa an Kreyòl,
rele nimewo telefòn sa a: 305-893-6511

En Español
Si usted quiere recibir este folleto en Español,
por favor llame al téléfono 305-893-6511



Yon Mesaj Direktè a

Chak ane, vil North Miami prezante yon Rapò sou Konfyans Konsomatè (CCR), yo konn rele tou tiliv Rapò sou Kalite Dl oak Enfòmasyon sou Risk Inondasyon nou an. Dokiman sa a konbine de (2) avi anyèl obligatwa nan yon sèl epi li bay kominote nou an enfòmasyon enpòtan sou sous ak aklite dlo potab nou an ansanm ak enfòmasyon enpòtan konsènan risk pou inondasyon yo. Edisyon CCR sa ofri rezilta tès sou sistèm dlo nou an depi 2015 epi li montre bonan kalite dlo nou bay rezidan ak pwopriyetè biznis North Miami yo.

Isit nan Vil la, n ap kontinye bay dlo potab ki atenn oswa depase tout egzijans lokal, Eta a ak federal yo. Nou fè jefò maksimòm pou reyalize objektif nou yo nan pwoteksyon dlo, konsèvasyon dlo, edikasyon kominote a, antretyen sistèm dlo ak kalite dlo a.

N ap kontinye fè tout sa nou kapab pou livre pibon kalite dlo ki posib ba ou. Mwen ta renmen remèsye staff nou an pou sèvis y oak pou devouman yo anfavè kominote nou an. Staff nou an ki gen ladann operatè santral tretman dlo, operatè sistèm distribisyon dlo, travayè antretyen ak enjenyè travay san rete pou ba ou bon kalite dlo ak sèvis dlo ki fyab. Epitou nou fyè po Vil la kenbe klasifikasyon Sistèm Notasyon Kominotè (CRS) Klas 5, ki se youn nan pi bon notasyon nan Eta Florid.

Mèsi poutèt out e pran tan pou li edisyon CCR sa a. Tanpri pa ezite kontakte nou si ou ta renmen diskite kontni rapò a. Nou konta opòtinite sa a pou kominike plis avèk ou epi n ap konta resevwa kòmantè ou yo.

Wisler Pierre-Louis, P.E., LEED AP BD+C, CFM, PMP
Direktè Travo Piblik

FÈ KONSÈNAN DLO NOU BWÈ A

Vil North Miami kontan prezante ou Rapò ou Kalite Dlo Anyèl pou ane sa a. Rapò sa a fèt pou enfòme ou konsènan kalite dlo potab ak sèvis nou ba ou chak jou.

Kote Dlo Nou an Soti

Objektif Santral Tretman Dlo North Miami se pou ba ou yon apwovizyonman dlo potab ki san danje ak fyab chak jou. Sou dlo nou an se dlo ki anba tè ki soti nan uit (8) pwi. Pwi yo tire dlo ki soti nan Akifè Biscayne lan. Pou kapab desèvi tout Vil nou an ansanm ak kominote alantou yo, nou konn achte dlo tou nan Konte Miami-Dade, (ki se dlo anba tè kit rete ki soti nan Akifè Biscayne lan).

Akifè Biscayne lan sitye jis anba sifas tè a nan Sit Eta Florid. Li gen ladann wòch porèz ak ti fay ak ti twou, kote dlo enfiltre tankou yon rivyè souterèn. Yo konn rele dlo sa a souvan dlo souteren oswa nap freyatik, ep li bay prèskte tout dlo rezidan nan Sid Eta Florid itilize. Dlo a deplase dousman, nanyon direksyon Ès-Sidès selon yon vitès anviwon de (2) pye pa jou, sa ki bay yon pwosesis filtrasyon natirèl epi anjeneral sa bay dlo ki pwòp. Selon si gen trè gwo ouvèti oswa kanal moun konstwi, ekoulman an gendwa ogmante anpil.

Zòn Sèvis Dlo

Santral Tretman Dlo ak Egou Vil North Miami an desèvi yon popilasyon plis pase 70,000 moun nan yon zòn 13 mil-kare. Kliyan nou yo sitye andedan Vil North Miami, mentou nan pati Konte Miami-Dade ki pa enkòpore, nan Miami Shores ak nan Biscayne Park. Epitou nou bay minisipalite North Miami Beach ak Opa-Locka entèkoneksyon nan sityasyon ijan. Santral tretman dlo a ponpe epi trete 8.5 milyon gallon dlo chak jou an mwayèn. N ap resevwa sipleman dlo nou achte nan sistèm dlo prensipal Konte Miami-Dade lan grasa plizyè entèkoneksyon mezire nan tout sistèm distribisyon an.

Tretman Dlo ou an

Santral Tretman Dlo Winson North Miami an ki nan Sunkist Grove itilize yon pwosesis adousisman ak kalkè pou trete dlo yo ponpe nan Akifè Biscayne lan (dlo souteren) pou produi dlo potab pou kay oswa biznis ou an. Dlo souteren an gen ladann minewo tankou kalsyòm ak magnyezyòm. Tretman an nesesè pou redui nivo minewo yo pou anpeche akimilasyon nan tiyo yo ak dekolorasyon nan akseswa ki enstale nan kay yo.

Premye faz pwosesis tretman an se ayerasyon, ki retire diyoksid kabòn ak silfat idwojèn ki nwizuib ki pwovoke yon move sant ak move gou. Apre sa, yo ajoute ipoklorit-sodyòm (klò likid) ak lacho nan dlo an pou detwi bakteri epi retire sèten nan minewo yo, tankou fè. Si yo pa fè pwosesis sa a, tiyo plonbri ak evye yo ta vin tache ak depo fè. Dlo an koule apre sa nan filt antrasit ki elimine ti patikil yo. Yo ajoute fliyò nan dlo a ansnam ak ipoklorit-sodyòm ak amonyak, pou kenbe nivo dezenfeksyon ki apwopriye epi pou asire dlo potab la rete san bakteri, pandan l ap deplase nan sistèm distribisyon an. Sistèm distribisyon dlo North Miami an gen ladann plis pase 300 mil kanalizasyon dlo ki transpòte dlo trete menne li lakay ou ak nan biznis ou. Operatè dlo ki akredite fè tès Asirans Kalite chak èdtan pou asire dlo ki kite santral tretman dlo nou an atenn oswa depase tut règlemantasyon federal, Eta a ak lokal ansanm ak pwòp estanda kalite Vil la. Anplwaye Vil North Miami angaje yo pou asire chak gout dlo ki nou livre kliyan santral tretman dlo an san danje pou bwè.



PWOGRAM ANKOURAJMAN POU EKONOMIZE DLO

Ou kapab echanje aksekwa tiyotri nan adrès sila a :

North Miami City Hall – Utility Billing Office
776 NE 125 Street – Premye etaj
Lendi jiska vandredi, 8 a.m. – 5 p.m.

Pwogram Echanj Valv Espre pou Restoran Komèsyal

Restoran nan North Miami kapab redui tou konsomasyon dlo yo lè yo echanje valv espre nan evye yo genyen yo pou ranplase y oak valv pre-rensaj fèb ekoulman Vil la founi ki redui jiska 80% kantite dlo yo itilize. Nouvo valv Power Rinser gendwa ekonomize biznis yo jiska $1,300 chak ane. Valv espre sa a entèchanjab avèk tout mak yo epi akseswa tiyotir an gen yon garanti senk (5) an. Pote valv ou genyen kounye an pou kapab resevwa Valv Espre Pre-Rensaj Power Rinser an.

Pwogram Rezidansyèl Echanj Tèt Douch

Si ou ranplase tèt douch la avèk yon nouvo akseswa ki trè efikas, sa gendwa redwi kantite dlo ou itilize pa mwatye. Pote bannou ansyen tèt douch la epi na va ba w yon nouvo akseswa tèt douch ki fasil pou enstale.



Nataly Morales
8yèm, Thomas Jefferson Middle School, Divizyon 4

Venkè Konkou Afich Ekonomize Gout Dlo (Drop Savers Poster Contest)

Nan lane 2016, vil North Miami te patisipe nan Konpetisyon Afich Ekonomize Gout Dlo, ki esponsorize pa Seksyon Florid Asosyasyon Santral Tretman Dlo Ameriken (American Water Works Association - FSAWWA). Elèv ki nan klas Jadendanfan jiska 12yèm klas te prezante desen ak slogan yo ba Vil la. Elèv sila yo te chwazi pou reprezante North Miami nan konpetisyon Eta a epi Konsèy Vil North Miami te selebre yo tou pandan Mwa Ekonomize Dlo an ki te nan mwa avril 2016:

Moses Naylor
3yèm, Natural Bridge Elementary School, Divizyon 2
Chris Cesar
4yèm, Natural Bridge Elementary School, Divizyon 3
Nataly Morales
8yèm, Thomas Jefferson Middle School, Divizyon 4
Junette Rickman
9yèm, North Miami Senior High School, Divizyon 5

Ekonomize Dlo : Itilize Dlo yon Fason ki Entelijan

Dlo ap tounen rapidman youn nan resous na lemonn ki gen plis valè. Isit nan Sid Eta Florid, menmjan ak nan tout Sidès Etazini, restriksyon dlo tounen yon mòdvi pandan tout lane a. Nou ankouraje ou ekonomize dlo chak fwa sa posib.

Si ou bezwen plis enfòmasyon sou fason pou itilize dlo, restriksyon ak konsèvasyon, al gade nan wèbsayt Distri Jesyon Dlo nan Sid Florid lan nan **sfwmd.gov** oswa nan **miamidade.gov/conservation**.

Estanda Sante ak Sekirite yo

Nou kontan pou nou rapòte ke dlo potab nou an satisfè tout règlemantasyon federal, Eta a ak lokal epi li kontinye atenn estanda kalite nou yo.

Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (EPA) ansanm ak Depatman Pwoteksyon Anviwònman Eta Florid (FDEP) fikse ni estanda prime ni estanda segondè yo pou asire dlo piblik san danje. Estanda primè yo pwoteje sante piblik kont sibstans ki gendwa domaje sante moun si yo bwè yo pandan anpil tan. Estanda segondè yo kontwole kalite estetik dlo a tankou gout, sant ak klarte li, men yo pa enpakte sante piblik.

North Miami konn siveye regilyèman dlo potab ou pou eseye detekte kontaminan konfòmeman ak tout lwa, règ ak règlemantasyon federal, Eta a. Rapò sa a baze sou rezilta peryòd siveyans nou an ant 1ye janvye 2015 rive 31 desanm 2015. Done yo te jwenn anvan 1ye janvye 2015 epi yo prezante nan rapò sa a soti nan tès ki pi resan yo te fè konfòmeman ak lwa, règ ak règlemantasyon ki jere kalite dlo a.

Kisa Ou ta Dwe Konnen Osijè Sèten Kontaminan

Prezans kontaminan nan dlo potab la pa nesesèman poze yon risk pou sante moun. Sèten moun gendwa pi vilnerab pou efè kontaminana ki nan dlo potab la pase popilasyon la anjeneral. Moun ki gen sistèm iminitè ki fèb tankou pasyan ki gen kansè k ap fè chimyoterapi, moun ki gen transplantasyon dògann, moun ki gen VIH/SIDA oswa lòt kalite twoub sistèm iminitè a, sèten granmoun ak tibebe gendwa gen plis risk pou fè enfeksyon. Nenpòt moun ki antre nan kategori sa yo ta dwe chèche konsèy osijè dlo potab opre founisè swn sante yo.

Direktiv EPA ak Sant pou Kontwòl Maladi (CDC) etabli osijè mezi ki apwpriye pou redui risk enfeksyon ak Cryptosporidyòm1 ak lòt kontaminan mikwòbyen disponib nan Nimewo Gratis pou **Dlo Potab San Danje nan 1-800-426-4791**.

Evalyasyon Sous Dlo (SWA)

Depatman Pwoteksyon Anviwònman Florid (DEP) ap òganize yon evalyasyon san rete sou sistèm dlo potab piblik yo. Li te evalye sistèm North Miami nan lane 2015. Depatman Pwoteksyon Anviwònmantal Florid idantifye epi evalye sous kontaminasyon potansyèl ki ozalantou sous alimantasyon dlo ou an. Yon rapò pou sistmè nou disonib sou wèbsayt DEP SWAPP lan, **dep.state.fl.us/swapp**, kote w ap kapab fè rechèch pou chak konte ak pou chak santral tretman dlo.

Kontaminan yo

Sous dlo potab (ni dlo nan wobinèt ni do nan boutèy) gen ladann rivyè, lak, kouran dlo, ma, rezèvwa, sous ak pwi. Pandan dlo ap deplase sou sifas latè a oswa atravè tè a, li disoud minewo ki fòme natirèlman epi, pafwa, materyo ki radyoaktif tou. Dlo ki koule kapab akimile sibstans poutèt prezans bèt oswa aktivite moun. Kontaminan ki gendwa prezan nan dlo sous gen ladann :

(A) Kontaminan mikwobyen, tankou viris ak bakteri, ki gendwa soti nan santral epirasyon dlo egou, tank septik, operayson betay agrikilti ak bèt sovaj.
(B) Kontaminan ki pa òganik, tankou sèl ak metal, ki gendwa egziste natirèlman oswa akòz rwisèlman dlo lapli, dechaj dlo sal endistriyèl oswa na kay, prodiksyon luil ak gaz, Ekstraksyon minyè oswa kiltivasyon.
(C) Pestisid ak èbisid, ki gendwa soti nan divès sous tankou agrikilti, rwisèlman dlo lapli, ak izaj rezidansyèl.
(D) Kontaminan chimik òganik, ikonpri produi chimik sentetik ak produi òganik volatil, ki se derive pwosesis endistriyèl, ion produi abaz petwòl ak potansyèlman ki soti nan estasyon gaz, rwisèlman dlo lapli ak sistèm tank septik.
(E) Kontaminan radyaktif, ki kapab prezan natirèlman oswa ki ka rezilta prodiksyon petwòl ak gaz ak aktivite ekstraksyon minyè.

[1] Cryptosporidyòm se yon òganism mikwoskopik ki, depi yo vale li, gendwa bay dyare ansanm ak lòt sentòm gastwoentestinal. Li asosye prensipalman ak sous dlo ki sou sifas latè ; sepandan, pa nou se sous dlo souteren li ye.



Pou kapab asire dlo wobinèt la pa gen danje ladann pou moun bwè li, EPA kreye règlemantasyon ki limite kantite sèten kontaminan nan dlo sistèm dlo piblik yo. Règlemantasyon Administrasyon Aliman ak Medikaman (The Food and Drug Administration - FDA) etabli limit pou kontaminan ki nan boutèy dlo ki dwe asire menm pwoteksyon an pou sante piblik.

Dlo potab, ikonpri dlo ki nan boutèy, ta dwe rezonabman dwe kontni omwens yon ti kantite nan sèten kontaminan, men sa pa nesesèman endike dlo a poze yon risk pou lasante. Ou kapab jwenn plis kontaminan ak efè potansyèl yok a genyen sou lasante si ou rele Nimewo Gratis **Dlo Potab ki San Danje EPA a nan 1-800-426-4791.**

Kontaminan ki gen Plon Ladann

Si kontaminan sa yo prezan, nivo plon ki elve gendwa lakòz anpil pwoblèm sante grav, espesyalman pou fanm ansent ak timoun piti. Plon ki nan dlo potab se prensipalman materyo ak konpozan ki asosye ak kanalizasyon ki pote dlo ak tiyotri lakay. Santral Tretman Dlo Vil North Miami responsab pou bay dlo potab bon kalite, men li pa ka kontwole tout kalite materyo yo itilize nan eleman plonbri yo. Lè dlo ou an te fin chita pandan plizyè èdtan, ou kapab minimize ekspozisyon poatansyèl ak plon si ou floche wobinèt ou an pandan trant segonn jiska de (2) minit anvan ou itilize dlo a pou bwè oswa pou kwit manje. Gen enfòmasyon ki disponib konsènan plon nan dlo potab, metòd pou teste ak mezi prekosyon ou kapab pran pou redwi ekspozisyon nan **epa.gov/safewater/lead**.

Ou gendwa pa konnen tout ekspresyon ak abrevyasyon ki nan rapò sa a. Pou ede ou konprann pibyen ekspresyon sa yo, nou make definisyon ki annapre yo :

- **Nivo daksyon (AL)** Konsantrasyon yon kontaminan ki, si yo depase li, ap deklanche tretman oswa lòt egzijans yon sistèm dlo dwe respekte.
- **Objektif Nivo Maksimòm Kontaminan (MCLG)** Nivo yon kontaminan ki nan dlo potab ; si konsantrasyon kontaminan an pa depase nivo an, pa ta dwe gen okenn risk yo resanse oswa yo prevwa pou lasante. MCLGs akòde yon marj derè.
- **Nivo Maksimòm Kontaminan (MCL)** Piwo nivo yon kontaminan ki otorize nan dlo potab. Yo fiske MCL yo toupre MCLG yo, jan sa posib, grasa pibon teknoloji tretman ki disponib.
- **Objektif Nivo Maksimòm Dezenfektan Rezidyèl (MRDLG)** Nivo yon dezenfektan nan dlo potab ; anba konsantrasyon sa pa gen okenn risk yo anrejistre oswa yo prevwa pou lasante. MRDLG yo pa reflete benefis itilizasyon dezenfektan yo pou kontwole kontaminan mikwobyen yo.
- **Nivo Maksimòm Dezenfektan Rezidyèl (MRDL)** Pi wo nivo yon dezenfektan ki otorize nan dlo potab. Gen prèv ki konven kan ke li gendwa nesesè pou yo ajoute yon dezenfektan pou kontwole kontaminan mikwobyen yo.
- **Pa Detekte (ND)** Endike analiz laboratwa yo pa t detekte sibstans lan.
- **Patikil pa milyon (ppm) oswa Milligram pa lit (mg/l)** Yon patikil selon pwa analit (sibstans pou analize a) la pou chak 1 milyon patikil selon pwa echantiyon dlo a.
- **Patikil pa milya (ppb) oswa Mikwogram pa lit (µg/l)** Yon patikil selon pwa analit la pou 1 milya patikil selon pwa echantiyon dlo a.
- **Picocurie pa lit (pCi/L)** Mezire radyoaktivite nan dlo a.

Règ Siveyans Kontaminan ki Pa Règlemante

Vil North Miami ap fè siveyans pou kapab detekte kontaminan ki pa règlemante (UCMR) pou yon etid pou ede Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (EPA) detèmine prezans UCMR nan dlo potab, epi si kontaminan sa yo bezwen yo règlemante yo. Pou kounye an, yo poko etabli okenn estanda sante (tankou nivo maksimòm kontaminan) pou UCMR yo ; sepandan, nou oblije pibliye rezilta analitik UCMR nou an nan rapò sa a.

Lavni Dlo ak Sèvis Nou an

Vil North Miami angaje li pou amelyore sèvis dlo nou an ; pou fè sa, n ap konsantre sou bezwen nan kapasite nou yo pou pidevan. Youn nan pwojè ki esansyèl pou prodiksyon dlo nou an se reyabilitasyon Santral Tretman Dlo Winson lan ki nan Sunkist Grove. Santral la te konstwi nan lane 1962, epi pwojè reyabilitasyon an nesesè pou fè santral la pi efikas epi pou pèmèt santral tretman dlo nou an kontinye produi bon kalite dlo potab pou pwochen jenerasyon yo. Pri amelyorasyon sa yo, selon estimasyon yo ki atenn $25 milyon dola, reflete nan to sèvis dlo nou genyen kounye an Konsèy Vil North Miami te apwouve nan mwa avril 2012. Pwojè reyabilitasyon an gen ladann mizajou ki annapre yo :

- Pwosesis adousisman ak lacho
- Akseleratè yo
- Enstalasyon nouvo sistèm filtraj/galri tiyo
- Sistèm jesyon sibstans rezidyèl yo (bou)
- Kapasite ponpaj sèvis elve
- Relokalizasyon/ranpalsman tank estokaj dlo
- Amelyorasyon nan sistèm arive produi chimik yo
- Kontriksyon yon nouvo batiman pou operasyon yo
- Pwi dlo brit ak tiyotri transmisyon

Vil la te achte teren ki nesesè pou relokalize tank estokaj dlo yo. Epitou Vil la te fè amelyorasyon nan kanalizasyon distribisyon dlo yo epi li te replase kontè dlo ak bouch pou ensandi yo. Kliyan ki abone pou sèvis dlo kapab retrase konsomasyon dlo yo epi mete anplas bòdwo ki pa sou fèy papye, ki ede redwi enpak anviwònmantal operasyon nou yo. Epitou, kliyan Faktirasyon Sèvis Dlo yo kapab jwenn aksè nan enfòmasyon kont yo tankou istwa peman ak rezime kont sou Entènèt lè yo al gade nan **eportal.northmiamifl.gov**.

Misyon Santral Tretman Dlo ak Egou Nou an

Santral Tretman Dlo vil North Miami angaje li pou ofri yon laj kantite dlo potab ki gen bon kalite epi ki san danje pou bwè bay tout kliyan nan North Miami ; pou fè sa, izin lan vle atenn objektif ki liste anba la a :

1) Pwoteje sante piblik la ak dlo potab ki san danje pou tout kliyan li yo.
2) Kenbe yon bonpresyon ak yon volim ki apwopriye pou satisfè tout egzijans yo konsènan pwoteksyon.
3) Kenbe pri sèvis piblik dlo a ba jan sa posib anmenm tan pou respekte tout règlemantasyon ki aplikab yo.

Vil North Miami travay 24è sou 24 pou kapab livre bonjan kalite dlo nan chak wobinèt. Nou mande pou tout kliyan nou yo ede pwoteje sous dlo nou an, ki se kè kominote a, pyès santral nan mòdvi nou ak lavni piti nou yo.

Peye Bòdwo Sèvis Dlo ou an sou Entènèt

Al gade nan www.officialpayments.com epi chwazi opsyon LOCAL PAYMENT (Peman lokal) la. Sistèm la pral ba ou montan total peman ou dwe a, ikonpri chaj pou sèvis la, l ap chèche otorizasyon pou chaj la epi l ap ba ou yon nimewo konfimasyon sou ekran an ansanm ak yon resi nimerik ou gendwa enprime.

PARAMÈT	FEDERAL MCL (a)	FEDERAL OBJEKTIF (b)	ETA MCL	ANE TESTE PA NORTH MIAMI	SISTÈM DLO NORTH MIAMI	MIAMI-DADE ANE TESTE	SISTÈM DLO PRENSIPAL MIAMI-DADE	GWO SOUS
KONTAMINAN MIKWÒB								
Total bakteri Kolofòm (c)	5%	0	5%	15	0.0%	15	0.7%	Bagay natirèl nan anviwonman an
PWODWI REZILTA DEZENFEKSYON ETAP 2								
Total Triyalometan (ppb) (d)	80	N/A	80	15	32 (7 - 66)	15	71 (5 - 79)	Pwodwi Rezilta Klorinasyon Dlo Pou Bwè
Asid Aloyasetik (ppb) (d)	60	N/A	60	15	26 (12 - 43)	15	37 (15 - 51)	Pwodwi Rezilta Klorinasyon Dlo Pou Bwè
DEZENFEKTAN								
Kolramin (ppm) (e)	MRDL= 4	MRDL= 4	MRDL= 4	15	2.2 (0.9 - 2.9)	15	2.5 (ND - 4.6)	Bagay yo ajoute nan dlo pou kontwole mikwòb
Klò (ppm) (e)	MRDL= 4	MRDL= 4	MRDL= 4	15	N/A	15	N/A	Bagay yo ajoute nan dlo pou kontwole mikwòb
PWODWI KONTAMINAN KI PA ÒGANIK								
Asenik (ppb)	10	N/A	10	15	ND	15	1.3 (0.5 - 1.3)	Ewozyon depozit natirèl
Baryòm (ppm)	2	2	2	15	0.0046	15	0.007 (0.002 - 0.007)	Ewozyon depozit natirèl
Kwomyòm (ppb)	100	100	100	15	ND	15	0.001 (ND - 0.001)	Ewozyon depozit natirèl
Kwiv (ppm) (f) nan dlo pòtab	AL= 1.3	1.3	AL=1.3	14 (g)	0.035, 0 sou 60 kay (0%) depase AL	15	0.07, 0 kay sou 116 (0.0%) depase AL	Kowozyon plonbri nan kay
Flyò (ppm)	4	4	4	15 (h)	0.53 (0.20 – 0.96)	15 (h)	1.0 (0.4 - 1.0)	Ewozyon depozit natirèl; bagay yo ajoute nan dlo ki fè dan vin pi solid
Plon (ppb) (f) nan dlo pòtab	AL= 15	0	AL = 15	14 (g)	0.001, 0 sou 60 kay (0%) depase AL	15	4.0, 3 kay sou 116 (3%) depase AL	Kowozyon plonbri nan kay
Nitrat (as N) (ppm)	10	10	10	15	0.14	15	0.11 (0.01 - 0.11)	Ewozyon depozit natirèl; Rezilta konpòs
Sodyòm (ppm)	NE	N/A	160	15	22.2	15	53 (36 - 53)	Ewozyon depozit natirèl ak dlo lanmè
KONTAMINAN RADYO-AKTIF								
Emetè alfa (pCi/L)	15	0	15	15	0.3 (ND - 0.3)	15	ND	Ewozyon depozit natirèl
Radyòm Melanje (pCi/L)	5	0	5	15	0.7 (0.11 - 0.7)	15	0.4 (ND - 0.4)	Ewozyon depozit natirèl
Iranyòm (ug/L)	30	0	30	15	2.1 (1.4 - 2.1)	15	1.3 (0.1 - 1.3)	Ewozyon depozit natirèl

AL =Nivo Aksyon
MRDL = Nivo maksimòm dezenfeksyon rès
MRDLG = Objektif nivo maksimòm dezenfeksyon rès
N/A = Pa Aplikab
ND = Pa Gen Ki Detekte
pCii/L = PikoKiri pa Lit
ppb =Pati pa bilyon (ppb) ou Mikwogram pa lit (ug/LJ
ppm = Pati pa bilyon (ppb) or miligram pa lit (mg/L)
( ) = Ran (ba- wo) ap ant parantèz lè li apwopriye
Valè anvan parantèz yo se nivo ki pi wo detekte pou peryòd la siveyans eksepte pou pwosedi dezenfeksyon pwodwi ak dezenfektan, kote nou te bay mwayèn anyèl la.
NE= Okenn Etabli

(a) MCL =Nivo Maksimòm Kontaminan
(b) Objektif Federal= MCLG =Objektif Nivo Maksimòm Kontaminan
(c) MCL total pou bakteri kolifòm yo ki dlo pou bwè pa dwe montre nan prezans nan bakteri kolifòm nan> 5% nan echantiyon chak mwa. Yon minimòm 80 echantiyon pou total bakteri kolifòm tès kolekte chak mwa nan sistèm distribisyon an, an konfòmite ak regleman eta a.
(d) Total 16 echantiyon North Miami pou Total Triyalometan ak 16 echantiyon pou Asid Aloyesetik, Total 32 echantiyon Miami Dade pou Total Triyalometan ak 32 echantiyon pou fè tès Asid Aloyesetik pou chak ane nan sistèm distribisyon, an konfòmite ak regleman eta an. Konfòmite baze sou yon mwayèn anyèl. Sa a se valè ki avan parantèz la.
(e) Konfòmite baze sou yon mwayèn anyèl ki kalkile chak trimès nan echantiyon yo kolekte pandan chak mwa tès bakteri kolifòm yo.
(f) Te gen rapò yon 90yèm pousantaj. si valè a 90yèm pousantaj la pa depase AL la (sa vle di., mwens pase 10% nan kay yo gen nivo pi wo a AL lan) la sistèm an konfòmite epi ap itilize mezi kontwòl kowozyon yo preskri a.
(g) Done 2014 ki prezante se soti nan tès pi resan ki tè fèt pou paramèt sa yo konfòmeman ak regleman yo
(h) Tès flyò demontre konfòmite avèk regleman eta a egzije chak twa ane nan akò ak pwogram siveyans eta a. Sepandan, nivo flyò yo kontwole chak jou nan izin tretman kote flyò ajoute pou pwomouvwa dan ki pi solid.

Enfòmasyon sou Danje Inondasyon



Pare Kò W... Pou Sa Ou Pa Ka Prevwa

Nan lane 1968, Kongrè an te kreye Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon (NFIP) pou bay moun kirete nan zòn kote gen plis risk inondasyon asirans kont inondasyon ki bon machè ; zòn sa a rele Zòn Espesyal pou Risk Inondasyon (SFHA). NFIP mete asirans inondasyon ki gen bakòp gouvènman federal la adispozisyon kominote ki aksepte adopte ak respekte òdonans jesyon plèn inondab la pou redui domaj akòz inondason ki ka rive pi devan. Sa enpòtan poutèt pwopriyetè teren yo dwe achte asirans inondasyon pou pwopriyete ki sitye andedan yon SFHA.

Sistèm Notasyon Kominotè (Community Rating System – CRS) se yon pwogram Administrasyon Asirans Federal la devlope pou ofri ankourajman ba kominote NFIP yo ki mete anplas estanda plèn inondab ki pi estrik pase egzijans minimum NFIP an. CRS rekonpanse jefò say a grasa rabè sou prim asirans inondasyon.

Vil North Miami kounye an gen yon notasyon CRS Kategori 5. Klasifikasyon sa a ekivalan ak yon diskont 25% sou nouvo kontra oswa renouvèlman kontre asirans inondasyon yo pou tout pwopriyete SFHA ak yon rabè 10% sou politik pou asirans pou pwopriyete ki pa SFHA.

Nan North Miami, gen plis pase 6,000 kontra asirans inondasyon ki anplas. Chak ane, notifikasyon CRS Kategori 5 Vil la jenere plis pase $1 milyon dola ekonomi sou prim asirans inondasyon. Poutèt inondasyon se dezas natirèl ki rive lepliş, li enpòtan pou ou jwenn pwoteksyon maksimòm lan. Ou kapab achte asirans inondasyon kèlkeswa kote ou rezide (nan yon zòn kote gen risk ki elve, mwayen oswa fèb) epi pa gen ekskliziyon ki baze sou kalite dw pwopriyete ou reprezante (pa egzanp, pwopriyetè, lokatè sowa pwopriyetè biznis). Poutèt sa enpòtan pou pwotèje pwopriyete ou kont inondasyon, enfòmasyon ak konsèy ki annapre yo gendwa enterese ou. Tanpri al gade feyè enfòmasyon sa a sizòka ta vin gen yon siklòn, yon tanpèt twopikal oswa notifikasyon previzyon gwo lapli. Pandan peryòd pwolonje gwo lapli a, zòn ki ba andedan Vil la gendwa inonde. Yo ofri enfòmasyon sa a pou ede pwoteje pwopriyete ou ak redwi domaj ki gendwa rive akòz inondasyon.

Danje pou Inondasyon

Arch Creek, Little Arch Creek, Biscayne Canal ak Oleta River se kat (4) vwa dlo ki travèse vil North Miami. Pifò sistèm egou dlo lapli nou an devèse/vide nan youn nan kat (4) vwa dlo sa yo oswa nan Bè Biscayne, ki konekte dirèkteman ak Oseyan Atlantik. Lamare enfliyanse vwa maritim sa yo epi kontribye nan drenaj ak pwoblèm inondasyon nan Vil la. Lè lamare a wo oswa lè gen gwo lapli ki tonbe, sistèm egou dlo lapli a ap ranpli rapidman avèk ekoulman dlo laplis sou sifas atè a ansanm ak dlo lamare brote; sa gendwa koze kondisyon inondasyon nan lari, nan zòn rigòl yo ak sou pelouz yo.

Vil North Miami kapab divize nan de (2) zòn drenaj prensipal : (1) zòn ki Alwès Biscayne Canal, epi (2) zòn ki Alès Biscayne Canal. Zòn ki Alwès Biscayne Canal gen prensipalman tè sablònèz ak yon nivo elevasyon nap freyatik lan ki trè ba. Rès Vil la, Alès Biscayne Canal, fèt avèk bou, marn ak sab epi li gen prensipalman yon nivo nap freyatik ki trè elve.

Pwopriyete ou an gendwa elve ase pou li pa janm sibi okenn inondasyon. Sepandan sa gendwa chanje pi devan. Siklòn Andrew (1992), tanpèt ki te plis devaste Sid Eta Florid pa t yon siklòn mouye tankou Siklòn Irene (1999) ki te pwovoke 13 pous lapli nan Konte Miami-Dade nan yon peryòd 24è. Nan lane 2000, lapli ki tonbe san rete apatide tanpèt 3 oktòb "Ki Pa Gen Non" te devèse plis pase 19 pous lapli pandan yon peryòd 24èdtan. Tanpèt sa a te inonde kanal ak vwa dlo lokal yo, epi li te pwovoke yon dal domaj nan pwopriyete rezidansyèl ak desktrikyon pou sa previzyon lameteyo te anonse t ap pral yon gwo loraj lokalize nan yon rejyon.

Sistèm Avètisman kont Inondasyon

Vil North Miami ak Konte Miami-Dade itilize Sèvis Nasyonal Lameteyo (NWS) pou bay avètisman pou inondasyon. NWS pral difize avètisman pou inondasyon omwens sis (6) èdtan anvan gwo lapli a ki ka koze sistèm drenaj yo debòde epi kreye akimilasyon andedan tè yo de dlo inondasyon ak izòlman zòn rezidansyèl/komèsyal yo. Koutinye koute estasyon radio lokal ou yo poy resevwa previzyon ki resan. Nan lane 2001, Vil la te devlope yon plan avètisman kont inondasyon pou tout Vil la pou bay tout katye ki gendwa sibi inondasyon avètisman bonè. Veyikil lapolis pral woule nan tout katye ki gendwa enpakte yo epi yo pral itilize siren ak wo-palè yo pou bay avètisman. Wout evakyasyon yo se pral US Highway 1 (Biscayne Boulevard), 125 Street, 135 Street ak Interstate 95.

Mezi Sekirite pandan Inondasyon :

Si yo rekòmande pou ou evakye, etenn tout switch epi/oswa valv prensipal yo pou kapab etenn tout aparèy elektrik ou yo. Dekonekte aparèy elektrik yo, men pa manyen okenn ekipman elektrik si ou mouye oswa ou kanpe nan dlo a. Pa mache no kondwi nan dlo ki kanpe oswa dlo k ap koule ; gendwa gen kab elektrik ki tonbe, gwo twou oswa menm yon kanal ou pa kapab wè. Gade kote w ap mache a nan zòn ki inonde yo poutèt aksidan kote moun glise epi tonbe se youn nan pi gwo kòz moun blese apre yon tanpèt.

Asirans kont Inondasyon :

Tout pwopriyete Tout pwopriyete ki sitye nan Zòn Espesyal Risk Inondasyon (SFHA) an epi ki anba pwoteksyon yon ipotèk gouvènman federal la garanti dwe gen asirans kont inondasyon. TANPRI SONJE : Lè w ap achte asirans kont inondasyon, asirans lan pa anplas anvan 30 jou apre dat ou te achte asirans lan. Tanpri al gade nan **www.floodsmart.gov** pou jwenn enfòmasyon ki pi resan sou prim asirans inondasyon epi pou lokalize ajan asirans inondasyon nan zòn ou an.

Èske ou konnen pwopriyetè kay nan North Miami resevwa yon rabè 25% sou asirans inondasyon ? Poutèt notasyon vil North Miami anba Sistèm Notifikasyon Kominotè Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon (NFIP) an, moun ki gen asirans ki rete nan yon Zòn Espesyal Risk Inondasyon te jwenn yon diskont 25 pousan sou prim asirans inondasyon yo. Yon diskont 10 pousan sou asirans inondasyon disponib tou pou moun ki rete andeyò zòn espesyal risk inondasyon yo, eksepte pou kontra risk preferansyèl yo.

Rgzijans pou Pèmi Konstriksyon nan Plèn Inondab la :

Tout batiman anba konstwiksyon bezwen pèmi. Yo dwe jwenn pèmi sa yo anvan kòmansman aktivite konstwiksyon yo. Kontakte Depatman Konstwiksyon an anvan ou kòmanse fè travo konstwiksyon, modifikasyon, rediksyon oswa agrandisman sou pwopriyete ou. **Depatman Konstwiksyon an sitye nan 12340 NE 8 Avenue.** Si ou wè konstriksyon oswa ranplisaj y ap ajoute nan yon pwopriyete san pèmi Vil la pa afiche, rapòte travo yo nan **305-895-9820**.

Egzijans pou Amelyorasyon Enpòtan :

Vil North Miami ak Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon mande pou si depans rekonstriksyon, reyabilitasyon, adisyon oswa lòt amelyorasyon nan yon batiman egal oswa depase 50 pousan nan valè sou mache batiman an pandan yon peryòd senk (5) lane, se pou batiman an satsifè menm egzijans tankou si se te yon nouvo batiman. Sa gen ladann elevasyon etaj ki pi ba a pou atenn estanda aktyèl yo. Batiman ki sibi anpil domaj dwe respekte mem estanda yo.

Antretyen nan Sistèm Drenaj :

Dlo lapli devèse nan plèn inondab tankou Everglades ak tout marekaj nou genyen yo, li filter atravè zòn sa yo, epi li finalman anba tè kote li estoke. Dlo souteren se sèl sous dlo potab ak sous dlo pou kay nan Sid Eta Florid. Li enpòtan pou nou pwoteje ak antreteni zòn drenaj sa yo ; kalite dlo potab nou an depann sou sa ! Epitou, bonjan drenaj ede redwi risk inondasyon an. Li pa legal pou yo mete dirèkteman oswa endirèkteman okenn solid, likid oswa matyè gazèz nan sistèm drenaj la. Vil la nespekte sistèm drenaj la regilyèman epi loi retire tout sa ki blike yo jwenn oswa yo rapòte. Si ou rete akote zòn kote dlo koule, ou kapab ede pwosesis sa a ; pou fè sa, kenbe riv yo degaje ak san bwousay ni debri. Rapòte kenenpòt vyolasyon ba **Depatman Travo Piblik nan 305-895-9870**.

Fonksyon Natirèl ak Benefik :

Zòn Divètisman Oleta ak Rezèv Mangwòv Eta a ki sitye ant NE 135 Street ak NE 163 Street epi Alès US Highway 1, te deziyen antanke Tè ki Anviwònmantalman Sansib. Zòn natirèl vyèj sa yo nan North Miami aji tankou zòn stokaj pou dlo inondasyon yo ; sa ede redwi posibilite inondasyon nan rezidans ki toupre yo anmenm tan y ape de rechaje akifè do souterenan. Tanpri ede zòn sa a rete natirèl ak bèl epi rapòte tout devèsman ak polisyon ilegal selon **Kòd Vil la ba Depatman Konfòmite a nan 305-895-9832 oswa rele Konte Miami-Dade nan 311.**

Detèminasyon Kat (Jewografik) / Sètifika Elevasyon

Vil la ofri detèminasyon Kat To Asirans Inondasyon (Flood Insurance Rate Map – FIRM) pou fè ou konnen si ou nan yon zòn ki gen risk inondasyon pi si ou oblije gen asirans kont inondasyon. Si ou ta renmen jwenn yon detèminasyon, kontakte **Depatman Konstwiksyon a nan 305-895-9820**. Epitou ou kapab al gade nan kat zòn inodnasyon an ki nan paj 13, si pwopriyete ou sitye nan yon zòn kote ki gen risk pou inondasyon.

Si ou detèmine kay ou sitye nan yon zòn inondab, yon Sètiika Elevasyon gendwa di ou a ki wotè kay out e konstwi pa rapò ak zòn inondab sa a.

Sètifika sa yo obligatwa pou tout nouvo konstwiksyon ak pou gwo amelyorasyon yo fè nan yon estwikti. Yon Sètifika Elevasyon pou Inondasyon se yon dokiman enpòtan chak pwopriyetè kay ta dwe genyen, epi sizoka ta gen yon dezas, li ta montre otorite yo kay ou te nan nivo oswa pi wo pase evelasyon ki nesesè a.

Si sètifika a montre kay ou pi ba, alòs "règ 50%"an ta aplike pou kay ou. Sa règ senp sa vle di, se si kay ou sitye nan yon zòn inondab epili domaje epi/oswa amelyore pou yon montnt ki plis pase 50% valè sou mache li an, l ap dwe sirelve pou satisfè egzijans elevasyon ki genyen kounye an.

Vil North Miami ap pran Sètifika Elevasyon Ajans Federal Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency – FEMA) yo nan men konstwiktè kay/developè yo, kòm yon egzijans pou yo jwenn pèmi konstwiksyon yo. Sètifika Elevasyon obligatwa tou pou estrikti ki sibi gwo domaj. Si ou bezwen plis enfòmasyon, rele **Depatman Konstwiksyon nan 305-895-9820, Lendi pou vandredi, 7:30 a.m. jiska 3:00 p.m.**

Pou kapab jwenn sètifika elevasyon kont inondasyon ou an :

Si kay ou te konstwi apre 1995, ou gendwa kapab jwenn sètifika elevasyon ou si w ale nan Depatman Konstwiksyon North Miami an. Si kay ou te konstwi apre 1995, epi ou pa kapab jwenn aksè nan enfòmasyon sa a, nou gendwa gen enfòmasyon yo nan dosye nou yo men nou poko eskane Sètifika a. Si ou bezwen plis enfòmasyon, rele **Depatman Konstwiksyon an nan 305-895-9820, Lendi pou vandredi, 7:30 a.m. jiska 3:00 p.m.**

Enfòmasyon yo oblije revele nan kontra vant byen imobilye :

Konfòmeman ak Sec. 8.5-45 Kòd Òdonans vil North Miami, nan kèlkeswa kontra osa anèks pou kontra pou vant byen imobilye amelyore ki sitye andedan yon Zòn Espesyal Risk Inondasyon nan Vil la, vandè a dwe enkli enfòmasyon ki annapre yo ki make avèk lèt ki gen gwosè dis-pwen epi ki an karaktè gra fonse:

KAY OSWA ESTRIKTI SA A SITYE NAN YON ZÒN ESPESYAL KOTE GEN RISK INONDASYON. SI KAY OSWA ESTRIKTI SA A ANBA NIVO ELEVASYON POU INONDASYON KI APLIKAB EPI SI LI VIN SIBI ANPIL DOMAJ OSWA GWO AMELYORASYON, JAN SA DEFINI NAN CHAPIT 8.5 KÒD ÒDONANS NORTH MIAMI AN, LI POSIB POU YO OBLIJE OGMANTE ELEVASYON LI POU ATENN NIVO ELEVASYON KI APLIKAB POU INONDASYON

Vizit Souplas :

Si ou fè demann lan, yon reprezantan Depatman Travo Piblik North Miami pral vin vizite pwopriyete ou an pou analize pwoblèm ki gen pou wè ak inondasyon epi pou esplike tout fason ki posib pou aleje epi anpeche domaj akòz inondasyon. Epitou, si ou gen eksperyans sibi inondasyon, pwoblèm drenaj, bakòp egou oubyen ou te temwen devèsman oswa polisyon ilegal akòz debri nan kanal, lak, kanalizasyon dlo lapli Vil la, tanpri kontakte **Depatman Travo Piblik nan 305-895-9870**.

Konsèy pou Pwoteksyon kont Inondasyon

Kijan pou Pwoteje Pwopriyete ou :

Si teren ou ase laj, ou ta dwe konsidere re-klase li oswa konstwi yon ti miray kont inondasyon. Epitou ou kapab plase pano etanch sou pòtay yo ; sepandan, apwòch sa yo bay pwoteksyon sèlman si inondasyon an pa twò fon. Ou ka konsidere elve kay ou tou.

Mezi pwoteksyon kont inondasyon, enstalasyon vann inondasyon epi fè miray yo etanch se kèk pami metòd ki pi kouran pou pwoteje estriktirèlman pwopriyete komèsyal yo. Pifò nan ka yo, estrikti rezidansyèl yo elve pi wo pase nivo dlo inondasyon yo antisipe. Si ou bezwen asistans adisyonèl sou fason pou pwoteje pwopriyete ou kont inondasyon, ou gendwa kontakte **Depatman Travo Piblik North Miami nan 305-895-9870**, oswa ou gendwa kontakte **Ofisyèl Konstwiksyon (Building Official) Vil la nan 305-895-9820**. W ap jwenn enfòmasyon anplis sou fason pou ekipe oswa pwoteje pwopriyete komèsyal kont inondasyon nan Bibliyotèk Piblik North Miami an nan seksyon referans Jesyon Plèn Inondab Vil la/ Sistèm Notasyon Kominote a.

Minimize Domaj akòz Inondasyon :

Pa jete nin devèse anyen nan egou dlo lapli oswa nan kanal ki andedan Vil la. Menm bout gazon ak branch gendwa akimile epi bouche kanal ak dren yo. Yon kanal oswa yon dren dlo lapli ki bouche pa kapab brote dlo a lè gen lapli. Kanalizasyon drenaj dlo lapli ki bouche ka fè dlo a fè bak nan lari a epi pwovoke inondasyon. Chak bout fatra kontribye nan inondasyon an. Si pwopriyete ou akote yon kanal, ede kenbe riv yo byen degaje san bwousay ak debri. Vil la gen yon pwogram antretyen kanal ki kapab ede retire gwo blokaj yo tankou pyebwa ki tonbe ; tanpri rapòte kèleswa blokaj ou wè nan **305-895-9870**.

Pa Mache nan Dlo k ap Koule ni Kondui nan Zòn ki Inonde :

Nwayad se premye kòz lanmò akòz inondasyon. Kouran yo gendwa twonpe moun ; sis (6) pous dlo k ap deplase kapab mete ou atè. Si ou mache nan dlo ki kanpe, sèvi ak yon baton pou asire atè a la toujou. Epitou, toujou respekte baryè elektwomekanik yo, dlo te gendwa te bwote wout oswa pon an ale.

Rete Lwen Kab ak Fil Elektrik :

Elekstwokisyon se danje nimewo de (2) ki tiye plis moun. Kouran elektrik gendwa deplase nan dlo a. Rapòte tout kab elektrik ki tonbe ba **Florida Power and Light; nimewo an se 305-442-8770.** Epitou ou kapab rapòte kab elektrik ki tonbe ba **Depatman Polis North Miami nan 305-891-8111.**

Mande FPL pou Li Etenn Elektrisite ou :

Sèten aparèy elektwik, tankou aparèy televizyon, kenbe chaj elektrik mensi yo dekonekte. Evite sèvi ak aparèy elektrik oswa motè si ou mouye eksepte si yo demonte, netwaye ak seche.

Pare Pou Sa Ou Pa Ka Prevwa :

Plase tout dokiman ki enpòtan yo andedan sak plastic oswa lòt kontenè ki pa pran dlo. Revwa kontra asirans ou pou asire li ba ou ase pwoteksyon. Konnen ki kalite pwoteksyon ou genyen. Pifò asirans yo garanti kont domaj ki gen pou wè ak van tanpèt, men yo pa bay pwoteksyon kont inondasyon. Kèlkeswa chanjman nan kontra asirans ou pran anviwon 30 jou anvan yo anplas.

Gade Byen Si Pa Gen Bèt, Espesyalman Sèpan :

Ti bèt inondasyon te chase soti nan kote yo rete a gendwa chèche yon abri andedan kay pa ou. Itilize yon gòl oswa yon baton pou tape epi vire bagay yo tèt anba epi pou fè ti bèt yo pè. Menm bèt kay gendwa reyaji yon lòt fason apre yon dezas oswa yon tanpèt epi yok a mòde oswa atake.

Gade Byen Kote Ou Ap Mache :

Apre yon inondasyon, atè a ak planche yo kouvri ak debri, ikonpri boutèy ki kase ak klou. Atè ak mach eskalye yo kouvri ak labou epi yo gendwa glise.

Pare pou Detekte Fwit Gaz yo :

Si ou sèvi ak gaz natirèl, pran yon flach pou fè enspeksyon pou wè si gen domaj. Pa fimen ni sèvi ak bouji, lantèn oswa flanm ki lib eksepte si ou konnen ga la etenn epi zòn lan te ayere.

Si Ou Oblije Evakye :

Si ou oblije evakye, eseye ale kay yon zanmi oswa yon fanmi ki nan yon kote ki pa afekte poutèt dlo an ap monte. Si ou rete nan yon woulòt oswa ou depann elektrikman de yon sous ekstèn, fè plan ou evakye apre premye avètisman de sityasyon ijans lan. Repete plan evakyasyon ou an avèk tout moun ki rete nan menm kay avèk ou. Fè plan pou derape bonè pou evite sikilasyon.

Enskri opre Evakyasyon Ijans Konte Miami-Dade lan Pwogram Asistans nan **311 oswa pou TDD nan 305-468-5402** si ou bezwen asistans pou evakye. Diskite konsèy sa yo avèk vwazen epi zanmi ou yo. Eseye kreye yon plan alavans pou endike kijan ou kapab kontakte vwazen ou yo. Si ou dwe evakye, enfòme youn lòt kote ou gen lentasyon rete epi kite nimewo telefòn ak adrès kote yo gendwa kontakte ou.

Sekirize Bato yo :

Si ou gen yon bato, se responsabilite ou pou ou sekirize li. Antanke pwopriyetè yon bato, ou ta dwe fè plan davans pou deplase bato ou oswa pou pran mezi pou mete li yon kote ki san danje. Kontakte yon marina lokal pou jwenn altènativ ki konvnab. Si sa posib, mete li andedan yon garaj oswa yon depo. Si ou oblije kite bato a deyò, tache remòk la ak yon bagay ki solid atè a, retire tout lè ki nan kawoutchou yo epi asire ou bato a byen solid sou remòk la. Si sa posib, ranpli kla la ak dlo, sa ki ajoute pwa anplis.

Si ou gen lentasyon kenbe bato a nan kanal la, double liy mouyaj yo, yon fason pou kite ase espas pou anplitid mare a epi mete deyò kèk ankr anplis. Pa bliye retire tout aparèy elektwonik maren oswa lòt ekipman ki pa sekirize. Pwopriyetè vwalye ta dwe retire vwal vwal ki anwoule otomatikman ak Bimini top yo. Baton sou boswa yo ta dwe sekirize grasa kab amaraj anplis epi yon fason pou kenbe bato a pou li pa balanse lè gen gwo van.

Konsèy pou Sekirite Bèt Kay yo :

Sonje, pifò sant evakyasyon yo p ap aksepte bèt kay. Kidonk fè plan davans pou jwenn lojman pou bèt kay ou yo nan yon chenil pou bèt oswa kay zanmi. Si ou gen lentansyonmande yon zanmi, se pou ou mande davans. Asire ou zanmi ou rete nan yon kote tanpèt la pa sipoze afekte. Mande si yon tanpèt ap pwoche, si oumenm epi/oswa bèt ou kapab rete lakay ou.

Pa kite bètkay ou lakay ou pandan yon siklòn. Yon sal ki sekirize epi manje ak dlo pou kèk jou pa vle di nesesèman bèt kay ou an sekirite. Anpil moun te tounen lakay yo apre Siklòn Andrew epi bèt kay yo te disparèt. Kenbe yon foto resan de bèt kay ou pou ede idantifye li. Apre tanpèt la, pran mezi prekosyon si ou kite bèt kay ou an ale deyò apre tanpèt la fin pase. Tout santa k repè li te konnen ap modifye epi bèt ou kapab konfi oswa pèdi. Kab elektrik ki tonbe reprezante yon gwo danje tou. Pran prekosyon pou pa kite bèt kay ou manje manje ak dlo ki te gendwa vin kontamine.



Si ou gen kesyon konsènan enfòmasyon ki nan livrè sa a, tanpri pa ezite rele youn nan nimewo ki anba la a.

SANTRAL TRETMAN DLO VIL NORTH MIAMI WINSON KI NAN SUNKIST GROVE

Travay 24è sou 24. Rele apre lè biwo yo fèmen, pou rapòte kèlkeswa ijans ki gen pou wè ak Vil la (inondasyon, tiyo ki pete, pwoblèm refli [backflow], elatriye)

305-953-2854 oswa 305-953-2857 (TDD)

Sant Operasyon Santral Tretman Dlo North Miami
Lendi - vandredi, 7:30 a.m. - 4:00 p.m. 305-895-9838

Biwo Faktirasyon Santral Tretman Dlo North Miami
Lendi - vandredi, 8:00 a.m. - 5:00 p.m. 305-895-9880

(Peman) Kès Santral
8:00 a.m. - 4:00 p.m.
(yo aksepte kat kredi avèk foto ID ki konvnab)

Biwo Sante Anviwònmantal Konte Miami-Dade
(Kontak lokal pou FDEP)
305-623-3500

Depatman Jesyon Resous Anviwònmantal Miami-Dade (DERM)
305-372-6789

Resous Règlemantè ak Ekonomik Miami-Dade (RER)
305-372-6789

Ajans Pwoteksyon Anviwònman (EPA) Jesyon Resous Dlo
1-850-245-8336

Nimewo Gratis pou Dlo Potab EPA
1-800-426-4791

Tarif pou dlo ak egou vil North Miami

Sa a se tarif nou kounye a pou itilize sèvis dlo ak egou.

Sèvis	CHAK MWA 5,000 gal. Itilize Anndan Vil la	CHAK TRIMÈS 15,000 gal. Itilize Anndan Vil la	CHAK TRIMÈS 15,000 gal. Itilize Deyò Vil la
Tarif Debaz Pou Dlo (Pri Fiks) (WT)	$12.51	$37.53	$37.53
Tarif Debaz Pou egou (Pri Fiks) (SR)	$16.88	$50.64	$50.64
Egzanp sa a baze sou moun ki itilize 5,000 galon pa mwa oswa 15,000 galon pa trimès. Tarif yo baze sou kantite moun itilize, gade tablo "Tarif Pou Dlo Moun Itilize " ki pi ba a.			
Tarif Pou Dlo Itilize (WT)	$9.45	$28.35	$28.35
Tarif Pou Egou Itilize (STR) ($4.41 pa 1,000 gallons x 85%)	$18.74	$56.23	$56.23
Tarif Sèvis Konte a (CSF) 8% total WT, SR, OWSS ak STR)	$4.61	$13.82	$17.28
Tarif Adisyonèl Dlo ak Egou Deyò Vil la (OWSS) (25% WT, SR ak STR)	Pa Aplikab	Pa Aplikab	$43.19
Egzanp Bòdwo Minimòm Pou Dlo & Egou (Yon trimès)	**$62.19**	**$186.57**	**$233.22**

Tarif yo baze sou yon kontwa 3/4", kote yo itilize jiska 15,000 galon chak 3 mwa.
Tout kliyan andeyò Vil la gendwa gen yon taks sèvis leta minisipalite enpoze pou yo peye tou, ki atenn 10%.
Pou kliyan Vil la, enfòmasyon ki anwo a se sèlman pou pati dlo ak egou bòdwo sèvis piblik yo.
Lòt sèvis tankou dlo tanpèt, ak ijyèn piblik pa fè pati prezantasyon sa a.
Tarif sa yo te kòmanse 1 novanm 2014.

Tarif Pou Itilize Dlo Rezidansyèl
(pa 1,000 galon)

CHAK MWA		CHAK TRIMÈS	
0 - 5,000	$1.81	0 - 15,000	$1.81
5,001 - 12,000	$2.54	15,001 - 36,000	$2.54
12,001 - 20,000	$3.27	36,001 - 60,000	$3.27
Plis pase 20,000	$3.64	Plis pase 60,000	$3.64

TARIF SÈVIS ADISYONÈL

Tarif pou Dezaktive, Aktive ilegalman, oswa Tarif pou Chèk ki pa bon	$20 chak
Moun ki jwe ak kontè	$100
Rekonekte Sèvis	$10
Vòl/Aparèy Ilegal yo itilize nan batiman an	$450

Aktive kont ou sou Entènèt nan NorthMiamiFL.gov anba E-services (sèvis elektwonik), Pòtay elektwonik pou sitwayen yo (Citizen E-Portal).

North Miami City Hall
776 NE 125 Street
North Miami, Florida 33161

PRST STD
US Postage
PAID
Miami, FL
Permit No. 747

2015 Rapò sou Kalite Dlo

2016 Enfòmasyon Sou Danje Inondasyon

Detay konsènan sèvis dlo ou an, pwoteksyon kont inondasyon ak Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon.



Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade wèbsayt nou an nan
NorthMiamiFL.gov/MyNoMi